XALQ DEPUTATLARI BO'ZATOV TUMANI KENGASHI QARORI

XALÍQ DEPUTATLARÍ BOZATAW RAYONLÍQ KEŃESI SHESHIMI

2021 - yil 30 - dekabr VI-39-69-13-216-K/21 Bo'zatov tuman hokimligi

Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429 ҳәм 437-статьялары менен белгиленетуғын салық ставкалары тийкарында Бозатаў районының посёлка ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары бойынша (юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң) аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерди қолланыў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 3-декабрьдеги «Ресурс салықлары ҳәм мал-мүлк салығын жәнеде жеделлестириў ҳаққында»ғы ПП-6121-санлы Пәрманы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумының 2021-жыл 22-декабрьдеги №555-санлы қарарына тийкарланып, 2022-жыл ушын белгиленген жергиликли бюджет прогнозларының орынланыўының турақлылығын ҳәм дәраматларының асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде, Бозатаў районы посёлка ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары бойынша аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын салық ставкаларына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерди қоллаў бойынша Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңесиниң сессиясы

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429 ҳәм 437-статьялары менен белгиленетуғын салық ставкалары тийкарында (юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң) аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын қала ҳәм районлар кесиминде, олардың экономикалық раўажланыўына қарап жер салығы ставкасын 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейиттириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлерин қолланыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумы ҳәм Қаржы министрлигиниң усыныслары мақуллансын.

2. Бозатаў районы бойынша аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерди қолланыў ҳаққында районлық Қаржы бөлими ҳәм районлық мәмлекетлик Салық инспекциясы менен келисилген усынысы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен белгиленген жер салығының базалық ставкаларына Халық депутатлары районлық Кеңеси өз аймақларында жайласқан аўыл, аймақ, мәҳәлле ҳәм көшелер кесиминде 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейттириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлерин киргизиў ҳуқықына ийе екенлиги белгиленгенлиги;

Бунда, белгиленген жер салығы ставкасына Халық депутатлары районлық Кеңеси салық жүгин кескин асырылыўының алдын алыў мақсетинде, физикалық тәреплерден (жеке тәртиптеги исбилерменлерден тысқары) алынатуғын жер салығына белгиленген ставкасына 2021-жыл ушын есапланған салық суммасының 1,3 есесинен аспаған ҳалда коэффицентлерди қоллаў, ал айрықша орынларда ҳәм республиканың турислик зоналарындағы жер участкалары, сондай-ақ физикалық тәреплер пайдаланыўында болған 1 гектардан артық жер участкаларына 3,0 ке шекемги асырыўшы коэффицентлерди қолланыў мүмкин екенлиги нәзерде тутылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 3-декабрьдеги «Ресурс салықлары ҳәм мал-мүлк салығын еле де жетилистириў ҳаққында»ғы ПП-6121-санлы Пәрманы ҳәм де Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429 ҳәм 437-статьясына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен 2022-жыл ушын аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын;

- юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 гектар ушын 19600,0 ден 280 00,0 мың сўм

деп белгиленген базалық салық ставкасына киритилген кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлер 1-қосымшаға муўапық;

- физикалық тәреплер бойынша бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 кв.метр ушын 182,0 ден 208,0 сўм деп белгиленген базалық салық ставкасына киргизилген кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлер 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Бозатаў районлық Мәмлекетлик Салық инспекциясына (Ж.Казбеков) Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңеси тәрепинен белгиленген салық ставкалары бойынша жер салығы төлеўшилерди өз ўақтында хабарландырыў ҳәм өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

6. Усы шешимниң орынланыўын Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңесиниң жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

7. Район ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети (Н.Даўенова)не усы шешимди ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырыў тапсырылсын.

8. Шешим қабыл етилген күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңеси баслығы **М.Кайпанов**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-69-13-216-K/21-сон қарорига
1-илова

Бозатаў районлық аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир муғдарда **1 гектар** ушын белгиленген базалық салық ставкасына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

мың.сўмда

№	**ППЖ ҳәм АПЖлар аты**	**Коэффицент (0,7 ден 3,0 ке шекем)**	**2022-жыл ушын Жер салығы ставкасы (мың.сўмда)**
1	Аспантай АПЖ	0,7	19,600,0
2	Бозатаў ППЖ	0,7	19,600,0
3	Еркиндарья АПЖ	0,7	19,600,0
4	Көк суў АПЖ	0,7	19,600,0
5	Қусханатаў АПЖ	0,7	19,600,0

Қосымша: *Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен юридикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары ҳәмде көшелер кесиминде олардың экономикалық жақтан раўажланыўына қарап, 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерин белгилеў ҳуқықына ийе.*

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-69-13-216-K/21-сон қарорига
2-илова

Физикалық тәреплер бойынша (дийқан хожалығын жүритиў ушын берилген аўыл хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары) бирден-бир муғдарда **1 кв.метр** ушын белгиленген базалық салық ставкаларына киргизилип атырған кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

сўмда

№	**ППЖ ҳәм АПЖлар аты**	**Коэффицент (0,7 ден 3,0 ке шекем)**	**2022-жыл ушын Жер салығы ставкасы (сўмда)**
1	Аспантай АПЖ	0,7	182,0
2	Бозатаў ППЖ	0,7	182,0
3	Еркиндарья АПЖ	0,7	182,0
4	Көк суў АПЖ	0,7	182,0
5	Қусханатаў АПЖ	0,7	182,0

Қосымша: *Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен физикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары көшелер ҳәм массивлер кесиминде экономикалық жақтан раўажланыўына қарап 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерин белгилеў ҳуқықына ийе.*